

13 septanm 2021

Chè fanmi,

Byenveni nan ane lekòl 2021–2022 an!—yon retou lakay nou t ap tann anpil!

Se pa ti kontan mwen kontan pou kòmanse retou istorik nou an nan enstriksyon anpèsòn aplentan—apre 18 mwa pi difisil yo nan lavi nou. Ane sa a, premye jou lekòl la vle di anpil bagay pou mwen. Non sèlman paske mwen se Chanselye lekòl ou, men paske mwen se tou manman yon elèv lekòl segondè Vil Nouyòk ki kontan anpil pou retounen nan salklas aplentan.

Eksperyans pitit fi mwen an se yon temwayaj vivan ki montre sa mwen aprann nan plis pase 20 ane kòm yon edikatè: anyen pa ranplase eksperyans ant yon timoun ak yon pwofesè nan yon salklas. Se poutèt sa li sanble avèk yon rèv ki vin reyalye pou akeyi tout timoun nou yo ankò nan anviwònman lekòl ki gen sekirite, rigè ak sipò. Premye jou lekòl la se yon retou lakay veritab pou tout kominote lekòl nou an.

Mwen konnen COVID-19 ak varyan Delta a nan lespri nou, epi mwen vle klè ke sante ak sekirite timoun, fanmi ak estaf lekòl nou yo se pi gwo priyorite nou. Pandan dènye mwa sa yo, nou travay avèk lekòl, ekspè nan sante piblik, ak patnè sendika pou devlope yon apwòch nan sante ak sekirite k ap bay plizyè kouch estrateji prevansyon lasyans pwouve.

Nou satisfè oswa depase règleman Sant pou kontwol ak prevansyon maladi, (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) nan netwaye ak dezenfekte sifas nan lekòl nou yo, enspekte ak sètifye vantilasyon nan bilding nou yo, ak teste oaza regilyèman elèv ak manm estaf pou COVID-19. Nou konnen mask kontribye nan redui pwopagasyon maladi a, epi nou mande tout elèv ak manm estaf la pou mete bagay pou kouvri figi yo lè yo nan otobis lekòl ak tout kote sou pwopriyete lekòl la, anndan ak deyò. Tout moun dwe fè sa kèlkeswa kondisyon vaksinasyon yo, sofsi yon elèv gen yon dispans pou rezon medikal.

Etap ki pi enpòtan ou ka pran pou pwoteje oumenm ak fanmi ou kont COVID-19 la se vaksinasyon. Tout Nouyòkè ki gen laj 12 ane ak plis ka resevwa yon vaksen COVID-19 gratis. An patenarya avèk NYC Test & Trace Corps ak Depatman Sante ak Ijyèn Mantal NYC, tout lokal lekòl k ap sèvi timoun ki gen laj 12 ane ak plis ap ofri vaksen Pfizer-BioNTech pou Nouyòkè ki elijib pandan premye semèn lekòl la (epi dezyèm dòz la nan kòmansman mwa oktòb la). Li pa nesesè pou gen randevou, epi ou ka jwenn enfòmasyon sou lè lokal sa yo ap fonksyone nan lekòl ou a oswa si w ale nan [schools.nyc.gov/covid19](https://schools.nyc.gov/covid19).

Ou ka jwenn enfòmasyon ki pi resan an sou kòman n ap travay pou kenbe elèv ak manm estaf ansekirite ak an sante nan sitwèb DOE pou ane lekòl 2021–22 a nan [schools.nyc.gov/homecoming](https://schools.nyc.gov/homecoming).

Mwen swete w kontan tankou mwen pou premye jou lekòl la. Mwen gen pou vizite salklas pandan semèn lan, swete elèv, fanmi, ak edikatè nou yo byenveni—epi selebre tout sa nou fè pou rive nan pwèn sa a.

Kòm toujou, mwen santi m fyè pou genyen w bò kote m pandan n ap inogire premye jou lekòl ki pi enpòtan an pase tout tan. Mèsi poutèt ou konfyè nou timoun ou yo.

Nan kolaborasyon,



Meisha Porter  
Chanselye Lekòl Vil Nouyòk